

Heb

Chapter 12

Javanese Interlinear

Reference: Javanese Bible (SABDA)

- 1 Τοιγαροῦν καὶ ἡμεῖς, τοσοῦτον ἔχοντες περικείμενον ἡμῖν νέφος μαρτύρων,
Mila ugi kita samanten gadhah ngubengi kita mega seksi-seksi
[G5105](#) [G2532](#) [G1473](#) [G5118](#) [G2192](#) [G4029](#) [G1473](#) [G3509](#) [G3144](#)
- ὄγκον ἀποθέμενοι πάντα, καὶ τὴν εὐπερίστατον ἁμαρτίαν, δι' ὑπομονῆς
momotan nyelèhaken sadaya lan sang gampil-ngentheng dosa kanthi kasabaran
[G3591](#) [G0659](#) [G3956](#) [G2532](#) [G3588](#) [G2139](#) [G0266](#) [G1223](#) [G5281](#)
- τρέχωμεν τὸν προκείμενον ἡμῖν ἄγωνα,
sumangga-kita-mlayu sang kasedhiyakaken kita lomba
[G5143](#) [G3588](#) [G4295](#) [G1473](#) [G0073](#)

Sarehne kita duwe seksi akeh banget, kayadene mega kang ngupengi kita, mulane payo padha mbuwang sakabehing momotan sarta dosa kang tansah ngganggu-gawe kita, sarta kalawan mantep padha lumayu ing pabalapan kang kawajibake marang kita.

- 2 ἀφορῶντες εἰς τὸν τῆς πίστεως ἀρχηγὸν καὶ τελειωτὴν,
mirsani dhateng-ing sang saking-sang iman pangarsaning lan panyampurna
[G0872](#) [G1519](#) [G3588](#) [G3588](#) [G4102](#) [G0747](#) [G2532](#) [G5051](#)
- Ἰησοῦν: ὃς ἀντὶ τῆς προκειμένης αὐτῷ χαρᾶς, ὑπέμεινεν
Yésus ingkang kangge sang kasedhiyakaken Panjenenganipun kabingahan nandhang
[G2424](#) [G3739](#) [G0473](#) [G3588](#) [G4295](#) [G0846](#) [G5479](#) [G5278](#)
- σταυρὸν, αἰσχύνης καταφρονήσας, ἐν δεξιᾷ τε τοῦ
salib lingsem nganggep-boten-wonten wonten-ing tengen lan saking-sang
[G4716](#) [G0152](#) [G2706](#) [G1722](#) [G1188](#) [G5037](#) [G3588](#)
- θρόνου τοῦ Θεοῦ, κεκάθικεν.
dhampar saking-sang Gusti-Allah sampun-lenggah
[G2362](#) [G3588](#) [G2316](#) [G2523](#)

Payo padha kita lakoni kanthi mandeng marang Gusti Yesus, kang nuntun kita ing sajroning pracaya sarta kang ngasta pracaya kita marang kasampurnan, kang ora ngetang kanisthan manggul salib kalayan mantep, sulihing kabungahan kang kacawisake kagem Panjenengane kang samengko lenggah ana ing tengening dhampare Gusti Allah.

- 3 ἀναλογίσασθε γὰρ, τὸν τοιαύτην ὑπομεμενηκότα ὑπὸ τῶν
sumangga-kita-ngetang amargi sang makaten sampun-nandhang saking para
[G0357](#) [G1063](#) [G3588](#) [G5108](#) [G5278](#) [G5259](#) [G3588](#)
- ἁμαρτωλῶν εἰς ἑαυτὸν ἀντιλογίαν, ἵνα μὴ κάμητε,
tiyang-dosa dhateng Panjenenganipun-piyambak pambangkang supados boten sayah
[G0268](#) [G1519](#) [G1438](#) [G0485](#) [G2443](#) [G3361](#) [G2577](#)
- ταῖς ψυχαῖς ὑμῶν ἐκλυόμενοι.
sang nyawa panjenengan nyerah
[G3588](#) [G5590](#) [G4771](#) [G1590](#)

Padha tansah elinga marang Panjenengane kang mantep anggone nahanake pambantahe para wong dosa kang nganti samono iku marang Panjenengane, supaya kowe aja nganti padha lesu sarta semplah.

4 Οὐπω μέχρις αἵματος ἀντικατέστητε, πρὸς τὴν ἁμαρτίαν
 Durung ngantos rah panjenengan-nglawan dhateng sang dosa
[G3768](#) [G3360](#) [G0129](#) [G0478](#) [G4314](#) [G3588](#) [G0266](#)

ἀνταγωνιζόμενοι,
 perang
[G0464](#)

Anggonmu perang nanggurangi dosa iku durung nganti padha ngwutahake getih.

5 καὶ ἐκλέλησθε τῆς παρακλήσεως, ἣτις ὑμῖν,
 lan panjenengan-sampun-kesupen sang panglipur ingkang dhateng-panjenengan
[G2532](#) [G1585](#) [G3588](#) [G3874](#) [G3748](#) [G4771](#)

ὡς υἱοῖς, διαλέγεται: Υἱέ μου, μὴ ὀλιγώρει παιδείας
 kados putra-putra ngandika Putraku Kawula sampun nganggep-entheng piwulang
[G5613](#) [G5207](#) [G1256](#) [G5207](#) [G1473](#) [G3361](#) [G3643](#) [G3809](#)

Κυρίου, μηδὲ ἐκλύου, ὑπ' αὐτοῦ ἐλεγχόμενος;
 Gusti ugi-sampun nyerah déning Panjenenganipun dipunpitedah
[G2962](#) [G3366](#) [G1590](#) [G5259](#) [G0846](#) [G1651](#)

Sarta apa kowe wus padha lali marang pitutur kang kadhawuhake marang kowe kaya marang para putra: "He anakku, aja nyepelekake panggulawenthahe Gusti Allah, sarta aja padha nglokro manawa kowe dielingake;

6 ὃν γὰρ ἀγαπᾷ Κύριος, παιδεύει; μαστιγοῖ δὲ πάντα υἱὸν
 ingkang amargi ditresnani Gusti dipunwulang dipungebagi nanging saben putra
[G3739](#) [G1063](#) [G0025](#) [G2962](#) [G3811](#) [G3146](#) [G1161](#) [G3956](#) [G5207](#)

ὃν παραδέχεται.
 ingkang dipuntampi
[G3739](#) [G3858](#)

amarga Gusti Allah matrapi marang kang ditresnani, sarta nggebagi kang kaanggep putra."

7 εἰς παιδείαν ὑπομένετε, ὡς υἱοῖς ὑμῖν προσφέρεται
 dhateng-ing piwulang panjenengan-sabar kados putra-putra panjenengan nganggep
[G1519](#) [G3809](#) [G5278](#) [G5613](#) [G5207](#) [G4771](#) [G4374](#)

ὁ Θεός; τίς γὰρ υἱὸς ὃν οὐ παιδεύει πατήρ;
 sang Gusti-Allah sinten amargi putra ingkang boten dipunwulang rama
[G3588](#) [G2316](#) [G5101](#) [G1063](#) [G5207](#) [G3739](#) [G3756](#) [G3811](#) [G3962](#)

Manawa kowe padha ngalami dipatrapi, dadi kowe karengkuh putrane Gusti Allah. Endi ta ana anak kang ora tau dipatrapi dening bapakne?

8 εἰ δὲ χωρὶς ἐστε παιδείας, ἥς μέτοχοι γεγόνασιν
 menawi nanging tanpa panjenengan piwulang ingkang panduman sampun-dados
[G1487](#) [G1161](#) [G5565](#) [G1510](#) [G3809](#) [G3739](#) [G3353](#) [G1096](#)

πάντες, ἄρα νόθοι καὶ οὐχ υἱοὶ ἐστε.
 sadaya mila anak-jadah lan sanés putra-putra panjenengan
[G3956](#) [G0686](#) [G3541](#) [G2532](#) [G3756](#) [G5207](#) [G1510](#)

Nanging manawa kowe ora tau dipatrapi, kang kudu kasandhang ing saben wong, dadi kowe dudu putra, nanging anak jadah.

- 9 εἶτα τοὺς μὲν τῆς σαρκὸς ἡμῶν πατέρας εἶχομεν παιδευτὰς,
 lajeng sang pancèn saking-sang daging kita bara-bapa kita-gadhah ingkang-mulang
[G1534](#) [G3588](#) [G3303](#) [G3588](#) [G4561](#) [G1473](#) [G3962](#) [G2192](#) [G3810](#)
- καὶ ἐνετρεπόμεθα; οὐ πολὺ [δὲ] μᾶλλον, ὑποταγησόμεθα τῷ
 lan kita-ajrih boten langkung nanging langkung kita-badhé-sujud dhateng-sang
[G2532](#) [G1788](#) [G3756](#) [G4183](#) [G1161](#) [G3123](#) [G5293](#) [G3588](#)
- Πατρὶ τῶν πνευμάτων, καὶ ζήσομεν?
 Rama saking-sang roh-roh lan gesang
[G3962](#) [G3588](#) [G4151](#) [G2532](#) [G2198](#)

Sabanjure; saka bapa kita kang sabenera, kita wus kapatrapan, mangka iku padha kita eringi, mendahane maneh manawa kita oraa kudu sumuyud marang Ramane sakabehing roh, supaya kita kepareng urip?

- 10 οἱ μὲν γὰρ πρὸς ὀλίγας ἡμέρας, κατὰ τὸ
 tiyang-tiyang-ingkang pancèn amargi kangge sawetawis dinten-dinten miturut sang
[G3588](#) [G3303](#) [G1063](#) [G4314](#) [G3641](#) [G2250](#) [G2596](#) [G3588](#)
- δοκοῦν αὐτοῖς, ἐπαίδευον; ὁ δὲ ἐπὶ τὸ συμφέρον,
 katingal-sae piyambakipun-sadaya mulang sang nanging kangge sang migunani
[G1380](#) [G0846](#) [G3811](#) [G3588](#) [G1161](#) [G1909](#) [G3588](#) [G4851](#)
- εἰς τὸ μεταλαβεῖν τῆς ἀγιότητος αὐτοῦ.
 dhateng-ing sang pikantuk saking-sang kasucen Panjenenganipun
[G1519](#) [G3588](#) [G3335](#) [G3588](#) [G0041](#) [G0846](#)

Bapa kita matrapni kita mung sawatara mangsa miturut apa bae kang kaanggep becik, nanging Panjenengane anggongne matrapni kita iku murih becike, supaya kita kapanduman kasucene.

- 11 πᾶσα. δὲ παιδεία, πρὸς μὲν τὸ παρὸν, οὐ δοκεῖ χαρᾶς
 saben nanging piwulang kangge pancèn sang sarunika boten katingal kabingahan
[G3956](#) [G1161](#) [G3809](#) [G4314](#) [G3303](#) [G3588](#) [G3918](#) [G3756](#) [G1380](#) [G5479](#)
- εἶναι, ἀλλὰ λύπης; ὕστερον δὲ, καρπὸν εἰρηνικόν, τοῖς
 dados nanging sisah sak-wingkingipun nanging uwoh tentrem dhateng-tiyang-tiyang
[G1510](#) [G0235](#) [G3077](#) [G5305](#) [G1161](#) [G2590](#) [G1516](#) [G3588](#)
- δι' αὐτῆς γεγυμνασμένοις, ἀποδίδωσιν δικαιοσύνης.
 lumantar punika sampun-kalatih maringi kabeneran
[G1223](#) [G0846](#) [G1128](#) [G0591](#) [G1343](#)

Sarupaning patrapan iku samangsa lagi kaparingake pancen ora mbungahake, malah nyedhihake. Nanging sateruse banjur metokake wohing kayekten kang njalari tentrem marang wong-wong kang wis padha kalantehake ing bab iku.

- 12 Διὸ τὰς παρειμένας χεῖρας, καὶ τὰ παραλελυμένα γόνατα,
 Mila sang loyo asta lan sang lemes jengku
[G1352](#) [G3588](#) [G3935](#) [G5495](#) [G2532](#) [G3588](#) [G3886](#) [G1119](#)
- ἀνορθώσατε;
 sumangga-kita-kiyatakan
[G0461](#)

Mulane kencengna tangan kang lemes sarta dhengkul kang keklok;

- 13 καὶ τροχιάς ὀρθὰς ποιεῖτε τοῖς ποσίν ὑμῶν, ἵνα μὴ τὸ
 lan marga leres damel dhateng suku-suku panjenengan supados boten sang
[G2532](#) [G5163](#) [G3717](#) [G4160](#) [G3588](#) [G4228](#) [G4771](#) [G2443](#) [G3361](#) [G3588](#)
- χωλὸν ἐκτραπή; ἰαθῆ δὲ μᾶλλον.
 rincang kesar dipunwarasaken nanging langkung
[G5560](#) [G1624](#) [G2390](#) [G1161](#) [G3123](#)

sarta jejegna lakune sikilmu, supaya kang pincang aja nganti kongsul, nanging dadi waras.

- 14 Εἰρήνην διώκετε μετὰ πάντων, καὶ τὸν ἁγιασμόν, οὐ χωρὶς,
Tentrem ngudag kaliyan sadaya–tiyang lan sang kasucèn ingkang tanpa
[G1515](#) [G1377](#) [G3326](#) [G3956](#) [G2532](#) [G3588](#) [G0038](#) [G3739](#) [G5565](#)

οὐδεὶς ὄψεται τὸν Κύριον;
boten–wonten–tiyang badhé–ningali sang Gusti
[G3762](#) [G3708](#) [G3588](#) [G2962](#)

Padha ngudia rukun karo sakabehing wong, sarta ngaraha marang kasucen; jalaran tanpa kasucen siji bae ora ana kang bakal ndeleng Gusti Allah.

- 15 ἐπισκοποῦντες, μή τις ὑστερῶν ἀπὸ τῆς χάριτος τοῦ
njagi sampun sinten kakurangan saking sang sih-rahmat saking–sang
[G1983](#) [G3361](#) [G5100](#) [G5302](#) [G0575](#) [G3588](#) [G5485](#) [G3588](#)

Θεοῦ; μή τις ρίζα πικρίας ἄνω φύουσα ἐνοχλῆ, καὶ δι’
Gusti–Allah sampun sinten oyod pait inggil thukul ngganggu lan lumantar
[G2316](#) [G3361](#) [G5100](#) [G4491](#) [G4088](#) [G0507](#) [G5453](#) [G1776](#) [G2532](#) [G1223](#)

αὐτῆς μιανθῶσιν οἱ πολλοί;
punika dipunnajisaken sang kathah
[G0846](#) [G3392](#) [G3588](#) [G4183](#)

Padha diawas aja nganti ana sing ngoncati sih-rahmate Gusti Allah, supaya aja nganti ana oyod pait kang thukul, kang nuwuhake rerusuh sarta kang njemberi wong akeh.

- 16 μή τις πόρνος ἢ βέβηλος, ὡς Ἡσαῦ, ὃς ἀντὶ βρώσεως
sampun sinten jina utawi nistha kados Esau ingkang kangge dhaharan
[G3361](#) [G5100](#) [G4205](#) [G2228](#) [G0952](#) [G5613](#) [G2269](#) [G3739](#) [G0473](#) [G1035](#)

μιᾶς, ἀπέδετο τὰ πρωτοτόκια ἑαυτοῦ.
satunggal masrahaken sang hak–purba piyambakipun
[G1520](#) [G0591](#) [G3588](#) [G4415](#) [G1438](#)

Aja ana kang laku jina utawa kang nduweni pepenginan kang asor kaya Esau, kang ngedol wewenange dadi pambarep diurupake pangan sapiring.

- 17 ἴστε γὰρ ὅτι καὶ μετέπειτα, θέλων κληρονομήσαι
panjenengan–mangertos amargi bilih ugi sak–wingkingipun ngersakaken mawi–warisan
[G1492](#) [G1063](#) [G3754](#) [G2532](#) [G3347](#) [G2309](#) [G2816](#)

τὴν εὐλογίαν, ἀπεδοκιμάσθη; μετανοίας γὰρ τόπον οὐχ εὔρεν, καίπερ
sang berkah dipuntampik tobat amargi panggenan boten manggih sanadyan
[G3588](#) [G2129](#) [G0593](#) [G3341](#) [G1063](#) [G5117](#) [G3756](#) [G2147](#) [G2539](#)

μετὰ δακρύων ἐκζητήσας αὐτήν.
kanthi luh pados punika
[G3326](#) [G1144](#) [G1567](#) [G0846](#)

Jalaran kowe padha sumurup, manawa sawuse mangkono, nalika arep nampani berkah, ditampik, sabab ora oleh wewengan kanggo ndandani kaluputane, sanadyan anggone ngupaya kanthi mbrebes mili.

- 18 Οὐ γὰρ προσελήλυθατε, ψηλαφωμένω καὶ κεκαυμένω πυρὶ,
Boten amargi panjenengan–sampun–sowan saged–dipundempal lan kaobong latu
[G3756](#) [G1063](#) [G4334](#) [G5584](#) [G2532](#) [G2545](#) [G4442](#)

καὶ γνώφω, καὶ ζόφω, καὶ θεέλλη,
lan peteng lan pepeteng lan prahara
[G2532](#) [G1105](#) [G2532](#) [G2217](#) [G2532](#) [G2366](#)

Amarga kowe ora padha marani gunung kang bisa kagepok sarta geni kang mulad-mulad, tuwin pepeteng alimengan lan lesus,

19 καὶ σάλπιγγος ἤχῳ, καὶ φωνῇ ῥημάτων; ἦς οἱ
lan kalasangka suwaranipun lan swanten sabda ingkang tiyang-tiyang-ingkang
[G2532](#) [G4536](#) [G2279](#) [G2532](#) [G5456](#) [G4487](#) [G3739](#) [G3588](#)

ἀκούσαντες, παρητήσαντο, μὴ προστεθῆναι αὐτοῖς λόγον;
mireng nyuwun sampun dipuntambah dhateng-piyambakipun-sadaya tembung
[G0191](#) [G3868](#) [G3361](#) [G4369](#) [G0846](#) [G3056](#)

unine kalasangka apadene unining swara, kang ndadekake para kang krungu nganti padha nyuwun, supaya aja nganti dipangandikani maneh,

20 οὐκ ἔφερον γὰρ τὸ διαστελλόμενον: Κἂν θηρίον θίγη τοῦ
boten saged-nandhang amargi sang dipundhawuhaken Sanadyan kewan dempal sang
[G3756](#) [G5342](#) [G1063](#) [G3588](#) [G1291](#) [G2579](#) [G2342](#) [G2345](#) [G3588](#)

ὄρους, λιθοβοληθήσεται;
redi badhé-dipunbenturi-watu
[G3735](#) [G3036](#)

awit padha ora betah ngrungokake dhawuh iki: "Dalah kewan manawa ana kang nggepok marang gununge, iku kudu dibenturi watu."

21 καί, οὕτω φοβερὸν ἦν τὸ φανταζόμενον Μωϋσῆς εἶπεν, Ἔκφοβός
lan mekaten nggegirisi punika sang katingal Musa ngandika Kawula-giris
[G2532](#) [G3779](#) [G5398](#) [G1510](#) [G3588](#) [G5324](#) [G3475](#) [G3004](#) [G1630](#)

εἶμι, καὶ ἔντρομος.
kawula lan gumeter
[G1510](#) [G2532](#) [G1790](#)

Sarta tetinggalan iku nggegirisi banget, nganti Nabi Musa ngandika: "Aku giris lan gumeter."

22 ἀλλὰ προσεληλύθατε Σιών ὄρει; καὶ πόλει Θεοῦ ζῶντος,
nanging ranjenengan-sampun-sowan Sion redi lan kitha Gusti-Allah gesang
[G0235](#) [G4334](#) [G4622](#) [G3735](#) [G2532](#) [G4172](#) [G2316](#) [G2198](#)

Ἱερουσαλήμ ἐπουρανίῳ; καὶ μυριάσιν ἀγγέλων,
Yerusalem kaswargan lan ewon-ewon malaekat
[G2419](#) [G2032](#) [G2532](#) [G3461](#) [G0032](#)

Nanging kowe wis padha cedhak karo gunung Sion, karo kuthane Gusti Allah kang asipat gesang, Yerusalem kaswargan sarta karo golonganing malaekat maewu-ewu, sawijining kumpulan kang rame nyenengake,

23 πανηγύρει; καὶ ἐκκλησίᾳ πρωτοτόκων, ἀπογεγραμμένων ἐν οὐρανοῖς;
pahargyan lan pasamuwan pembarièngan kaseratan wonten-ing langit
[G3831](#) [G2532](#) [G1577](#) [G4416](#) [G0583](#) [G1722](#) [G3772](#)

καὶ Κριτῆ Θεῷ πάντων; καὶ πνεύμασι δικαίων τετελειωμένων;
lan Hakim Gusti-Allah sadaya lan roh-roh tiyang-mursid sampun-kasampurnakaken
[G2532](#) [G2923](#) [G2316](#) [G3956](#) [G2532](#) [G4151](#) [G1342](#) [G5048](#)

sarta karo pasamuwane para pambarep, kang jenenge wus padha katulisan ana ing swarga, sarta karo Gusti Allah, kang ngadili sakabehing wong, sarta maneh karo rohe para wong mursid kang kasampurnakake,

24 καὶ διαθήκης νέας μεσίτη, Ἰησοῦ; καὶ αἵματι ῥαντισμοῦ, κρεῖττον
lan prejanjian énggal juru-pamidaran Yésus lan rah kasiram langkung-sae
[G2532](#) [G1242](#) [G3501](#) [G3316](#) [G2424](#) [G2532](#) [G0129](#) [G4473](#) [G2909](#)

λαλοῦντι παρὰ τὸν Ἄβελ.
ngandika katimbang sang Habèl
[G2980](#) [G3844](#) [G3588](#) [G0006](#)

sarta karo Gusti Yesus, Pantawise prajanjian kang anyar, lan karo rah pangepyuran kang wicarane luwih cetha tinimbang karo getihe Habel.

- 25 Βλέπετε Sumangga-kita-ngatos-atos [G0991](#) μή sampun [G3361](#) παραιτήσθε nampik [G3868](#) τὸν sang [G3588](#) λαλοῦντα. ingkang-ngandika [G2980](#) εἰ menawi [G1487](#) γὰρ amargi [G1063](#)
- ἐκεῖνοι punika [G1565](#) οὐκ boten [G3756](#) ἐξέφυγον, oncat [G1628](#) ἐπὶ wonten-ing [G1909](#) γῆς bumi [G1093](#) παραιτησάμενοι nampik [G3868](#) τὸν sang [G3588](#) χρηματίζοντα, ingkang-paring-pitedah [G5537](#)
- πολύ langkung [G4183](#) μᾶλλον malih [G3123](#) ἡμεῖς kita [G1473](#) οἱ sang [G3588](#) τὸν sang [G3588](#) ἀπ' saking [G0575](#) οὐρανῶν langit [G3772](#) ἀποστρεφόμενοι, mlayu [G0654](#)

Dipadha prayitna, supaya aja padha nampik marang Panjenengane, kang medharake pangandika. Jalaran manawa wong-wong kang nampik marang Panjenengane kang nglairake pangandikane Gusti Allah ana ing bumi iku, ora bisa oncat, apamaneh kita, manawa kita nyingkur marang Panjenengane, kang ngandika saka ing swarga.

- 26 οἷ saking-ingkang [G3739](#) ἡ sang [G3588](#) φωνῆ swanten [G5456](#) τὴν sang [G3588](#) γῆν bumi [G1093](#) ἐσάλειψεν nggoncangaken [G4531](#) τότε; rumiyin [G5119](#) νῦν sapunika [G3568](#) δὲ nanging [G1161](#)
- ἐπήγγελλται, sampun-prajanji [G1861](#) λέγων, ngandika [G3004](#) Ἔτι Malih [G2089](#) ἅπαξ sapisan [G0530](#) ἐγὼ Kawula [G1473](#) σείσω badhé-goncang [G4579](#) οὐ boten [G3756](#) μόνον namung [G3440](#) τὴν sang [G3588](#)
- γῆν, bumi [G1093](#) ἀλλὰ nanging [G0235](#) καὶ ugi [G2532](#) τὸν sang [G3588](#) οὐρανόν. langit [G3772](#)

Ing nalika samana swarane nggonjingake bumi, nanging samengko Panjenengane maringi prasetya: "Ingsun bakal ngoregake sapisan engkas ora ngemungake bumi bae, malah langit uga."

- 27 τὸ sang [G3588](#) δὲ nanging [G1161](#) Ἔτι Malih [G2089](#) ἅπαξ, sapisan [G0530](#) δηλοῖ nedahaken [G1213](#) τὴν sang [G3588](#) τῶν saking-sang [G3588](#) σαλευομένων dipungoncangaken [G4531](#)
- μετάθεσιν, kasingsiraken [G3331](#) ὡς kados [G5613](#) πεπονημένων, ingkang-dipundamel [G4160](#) ἵνα supados [G2443](#) μείνη tetep [G3306](#) τὰ sang [G3588](#) μὴ boten [G3361](#) σαλευόμενα. dipungoncangaken [G4531](#)

Tetembungan "sapisan engkas" iku nuduhake owah-owahane samubarang kang bisa digonjingake, kaya apa kang katitahake, supaya tetepa samubarang kang ora bisa gonjing.

- 28 Διὸ Mila [G1352](#) βασιλείαν krajan [G0932](#) ἀσάλευτον boten-saged-dipungoncang [G0761](#) παραλαμβάνοντες, nampik [G3880](#) ἔχωμεν sumangga-kita-gadhah [G2192](#)
- χάριν, sih-rahmat [G5485](#) δι' kanthi-ingkang [G1223](#) ἥς punika [G3739](#) λατρεύομεν sumangga-kita-ngabekti [G3000](#) εὐαρέστως damel-rena [G2102](#) τῷ dhateng-sang [G3588](#)
- Θεῷ, Gusti-Allah [G2316](#) μετὰ kanthi [G3326](#) εὐλαβείας ajrih-asih [G2124](#) καὶ lan [G2532](#) δέους. giris [G1169](#)

Kang iku, sarehne kita padha nampani nagara kang ora bisa gonjing, payo padha ngaturake panuwun lan padha ngabekti marang Gusti Allah, miturut cara kang kakarsakake, kanthi hurmat lan wedi-asih.

- 29 καὶ lan [G2532](#) γὰρ amargi [G1063](#) ὁ sang [G3588](#) Θεὸς Gusti-Allah [G2316](#) ἡμῶν kita [G1473](#) πῦρ latu [G4442](#) καταναλίσκων. ingkang-nguntal [G2654](#)

| Sabab Gusti Allah iya asipat geni kang gawe gosong.